**«ТАСТЫЙЫҚЛАЙМАН»**
**"Юксалиш" ҳәрекети Қарақалпақстан Республикасы аймақлық бөлими баслығы**

**_________________ Т.Романов**

**«23» февраль 2024-жыл**

**"Юксалиш" ҳәрекети Қарақалпақстан Республикасы аймақлық бөлими ҳәм Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлери миллий ассоциациясы Қарақалпақстан Республикасы аймақлық бөлими менен биргеликте "Дослық үйи"нде өткерилген дөңгелек стол сәўбетлесиўи**

# БАЯҢЛАМАСЫ

2024-жыл 23-февраль — Нөкис қаласы

| | |
|---|---|
| Басшылық етиўши: | **Т.Романов** - "Юксалиш" ҳәрекети Қарақалпақстан Республикасы аймақлық бөлими баслығы. |
| Қатнасқанлар: | **Р.Жалғасбаев** - Қарақалпақстан Республикасы Прокуратурасы бөлим прокуроры. |
| | **Қ.Каримходжаев** - Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлери миллий ассоциациясы Қарақалпақстан Республикасы аймақлық бөлими баслығы. Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлери ўәкиллери ҳәм университет жаслары (жәми 45 адам) |

## КҮН ТӘРТИБИ:

**"Коррупцияға қарсы гүресиўде жәмәтшилик қадағалаўы ҳәм онда мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлериниң орны" атамасында дөңгелек стол сәўбетлесиўи**

-----------------------------------------------------------------------------------------

**(Романов, Жалғасбаев, Каримходжаев, Айбергенов, Романов)**

Дөңгелек стол сәўбетлесиўинде мәмлекетимизде коррупцияға қарсы гүресиў бойынша Президентимиз тәрепинен қабыл етилип атырған Пәрманлар ҳәм Ҳүкиметлик қарарлардың әҳмийетине тоқталып, раўажланыўдың жаңа басқышына қәдем қойып атырған Өзбекстан ушын коррупция иллетиниң ҳәр қандай формадағы көриниси әмелге асырылып атырған реформалардың нәтийжесине кери тәсирин тийгизетуғыны атап өтилди.

Коррупцияның алдын алыўда ҳәм оған қарсы гүресиўде бир яки еки мәмлекетлик уйымлардың ис-ҳәрекетлери менен унамлы нәтийжеге ерисип болмайды. Сонлықтан, бул бағдарда ҳуқық қорғаў уйымлары, мәмлекетлик шөлкемлер менен биргеликте барлық пуқараларымыз ҳәм де жәмийетшилик қадағалаў институтларының имканиятларынан да кеңнен пайдаланыўымыз зәрүр.

Соның менен биргеликте, жәмийетшилик қадағалаўын алып барыўда айрықша орын тутатуғын мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлери ролин және де күшейтиў, орынларда коррупцияға қарсы гүресиў тараўындағы жумыслардың барысын комплексли үйрениў, пайда болып атырған машқалаларды сапластырыў бойынша тийкарланған усыныслар таярлап, оларды тийисли уйымларға усынып барыў келешектеги нызам жойбарларын таярлаўда, ҳүкиметлик қарар ҳәм бағдарламаларды ислеп шығыўда үлкен әҳмийетке ийе екенлиги атап өтилди.

Буннан тысқары, пуқаралардың ҳуқықый билимлери менен ҳуқықый мәдениятын және де арттырыў, кең жәмийетшиликте коррупцияға қарсы мүнәсибетти күшейттириў, коррупцияға байланыслы нызамбузыўшылық жағдайлары бойынша хабар берген пуқараларды қорғаўдың ҳуқықый механизмлерин ислеп шығыў ҳәм турмасқа енгизиў де бүгинги күнниң әҳмийетли ўазыйпаларынан болып есапланады.

Буннан кейин мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлери ўәкиллери, жәмийетимиз раўажланыўы ушын унамсыз иллет болған коррупцияға қарсы гүресиў бойынша кең жәмийетшилик ўәкиллериниң ролин арттырыў, бул бағдардағы үгит-нәсият илажларынын нәтийжелилигин еле де арттырыў бойынша өзлериниң пикир-усынысларын билдирди.

**Баянластырған :** **Ш.Уснатдинов**